



Pou Piblikasyon Imedya: 12/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA NOUYÒK DEPASE OBJEKTIF UTILIZASYON 30% BIZNIS MINORITE AK FANM POSEDE POU KATRIYÈM ANE KONSEKITIF LA

To itilizasyon 32.21% prensipal aktyèl la reprezante prèske 3 milya dola nan kontra piblik yo bay MWBE yo

Otokolan ofisyèl MWBE Eta Nouyòk sètifye te devwale nan 14yèm fowòm anyèl sou tèm "Solidifye avni nou: Yon angajman pou elaji opòtinite pou MWBE yo"

Li [Rapò Anyèl Konplè 2024 la](#); Gade nouvo [Otokolan MWBE Eta Nouyòk sètifye](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Eta Nouyòk te depase objektif itilizasyon 30% Biznis Minorite ak Fanm Posede (Minority- and Women-owned Businesses, MWBE) pou katriyèm ane konsekitif la- chak ane depi antre an fonksyon administrasyon Hochul la. To itilizasyon 32.21 pousan ane sa a reprezante prèske 3 milya dola nan kontra piblik yo te bay MWBE sètifye nan ane fiskal 2023-24, ak prèske 12 milya dola depi Gouvènè Hochul te antre an fonksyon. Gouvènè a te fè anons la epi te devwale yon nouvo otokolan sètifye MWBE nan 14yèm Fowòm Anyèl Konferans MWBE Eta Nouyòk la nan Albany.

"Depi mwen vin Gouvènè, administrasyon mwen an te defann yon pwogram ekonomik ke tout Nouyòkè yo benefisye, epi to itilizasyon ane sa a montre pwogrè nou te reyalize pou atenn objektif sa a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou gen plis pou nou fè, men divèsite se pi gwo fòs Nouyòk epi kominote nou yo se pi gwo vwa nou – ansanm, nou pral kontinye pwomouvwa pwogram ak politik lidè nan peyi a ki sipòte yon ekonomi ki pi jis, ki pi solid ak pi divèsifye."

Anplis de anonse eta a depase objektif itilizasyon li yo, Gouvènè Hochul te entwodui tou yon nouvo otokolan sètifye MWBE Eta Nouyòk, ki pral sèvi kòm rekonesans ofisyèl MWBE yo ke Pwogram Sètifikasyon MWBE eta a te sètifye. Makè sa a reflekte angajman kontinyèl Eta Nouyòk pou ankouraje kwasans MWBE, ogmante ekite nan kontra eta a ak ranfòse divèsite nan ekonomi nou an.

Nouvo otokolan MWBE sètifye a pral bay yon kantite avantaj enpòtan a MWBE yo pandan y ap grandi ak pwospere nan ekonomi Eta Nouyòk konpetitif. Avantaj sa yo enkli pou ogmante vizibilite MWBE epi, pa konsekan, ede ti antrepriz yo diferansye tèt

yo. Li pral tou pozisyone MWBE yo pozitivman pou opòtinite kontra potansyèl ak antite gouvènman an epi sektè prive ki priyorize divèsite ak ekite nan pwojè yo. Sa a ta ka tradwi opòtinite nan kontra ki favorize reyisit antrepriz la. Otokolan an kapab tou sipòte gwo patenarya piblik-prive k ap chèche MWBE yo nan inisyativ yo a.

Otokolan sa a se yon zouti maketin solid ak atraktif pou MWBE yo epi yo ka itilize pou pwofite sèvis antrepriz yo, kapasite yo ak sètifikasyon pou kreye opòtinite yo. MWBE yo pral gen opòtinite pou yo afiche Otokolan Sètifye MWBE sou sitwèb yo, chanèl rezo sosyal yo, materyèl maketing yo ak lòt sipò epi fizikman atravè lokal fizik yo. Apre 1ye janvyè 2025, otokolan dijital sètifye MWBE pral disponib pou tout antrepriz MWBE Eta Nouyòk sètifye ak yon fòmilè kòmand ki pral disponib pou demann otokolan fizik yo. Yo pral voye notifikasyon pa imèl bay tout antrepriz MWBE Eta Nouyòk sètifye.

Julissa Gutierrez, Ofisyè Divèsite An Chèf, te deklare, "Angajman Nouyòk yo anvwè MWBE yo, ke Gouvènè Hochul te defann, refilete vizyon nou sou yon ekonomi enklizif kote tout moun ka jwenn opòtinite. Lè nou depase objektif itilizasyon nou yo ak entwodwi zouti tankou otokolan MWBE sètifye, nou favorize yon anviwònman kote antrepriz minorite ak fanm yo posede, sipòte, ak gen otonomi pou pwospere."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, nou pral kontinye pwomouvwa pwogram ak politik lidè peyi a ki sipòte yon ekonomi ki pi jis, pi solid epi pi divèsifye. Reyini plizyè santèn MWBE nan Fowòm nan, depase objektif itilizasyon nou yo, epi reponn a bezwen antrepriz yo swa k ap chèche sètifikasyon oswa ki deja sètifye sa kreye yon anviwònman pozitif kote divès biznis ap pwospere, tout kominote yo benefisye, epi ekonomi an ap vin pi fò ak pi rezistan."

Vis Prezidan egzekitif ak Direktè egzekitif Divizyon Devlopman antrepriz Minorite ak Fanm devlopman Empire State , Jason M. Clark te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè edikasyon fòmasyon Hope Knight, nou franchi etap enpòtan yo nan yon ti tan. Nou te elimine reta nan sètifikasyon MWBE a, pote amelyorasyon enpòtan nan pwosesis sètifikasyon an, epi depi 2021, yo te bay MWBE yo prèske 12 milya dola nan kontra eta yo. Pandan ke gen plis pou fè, n ap kreye chemen pou moun ki istorikman majinalize yo epi n ap kontribiye nan yon ekosistèm ekonomik ki bay tout Nouyòkè yo valè."

Depi kreyasyon li an 1988, pwogram MWBE Eta Nouyòk la se yon modèl nasyonal pou elaji opòtinite ekonomik ak sipòte kwasans divès antrepriz, ekipe MWBE yo, resous ak kontak enpòtan pou reyisit yo.

Fowòm nan adrese tou pou nouvo antrepriz ak sa ki deja etabli yo, bay enfòmasyon ak resous ki adapte pou tout antreprenè, kèlkeswa nivo eksperyans yo. Tèm ane sa a se te "Solidifye avni nou: Yon Angajman pou Elaji Opòtinite pou MWBE yo" epi prezante opòtinite rezo fasil ant MWBE sètifye yo, ajans Eta Nouyòk, premye kontraktè ak antrepriz prive, anplis tabwonn ak atelye yo.

Tabwonn fowòm lan te abòde sijè tankou kontra pou gwo pwojè, opòtinite fakiltatif ak plan kapital ajans yo. Atelye yo pral konsantre sou abòde aksè ak kapital, estrateji konpetisyon kontra, navigasyon pwosesis sètifikasyon, opòtinite pou komès an detay ak teknoloji, ak pwogram fòmasyon ki gen ladan Akseleratè Kwasans Antrepriz yo.

Anons jodi a kontinye pi gwo efò Gouvènè Hochul deplwaye pou ranfòse MWBE Nouyòk yo. Ane pase a, Gouvènè a te anonse eliminasyon an reta sètifikasyon MWBE ki la depi lontan. An 2022, Gouvènè a te siyen lwa pou redui fwod ak abi nan pwogram nan, sa ki pèmèt antrepriz yo itilize fon pwogram devlopman ak prè MWBE pou refinance dèt ki egziste deja, epi li otorize Vil Nouyòk pou bay MWBE yo kontra ki rive jiska 1.5 milyon dola san yon pwosesis konpetitif fòmèl.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)